

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana rumusan masalah sarta tina hasil analisis data anu kapanggih nya éta anu diwincik ieu di handap.

1. Kecap pagawéan anu mangrupa paripolah anggota awak anu kapanggih tina *Peperenian jeung Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* téh aya 302 kecap anu perséntaseuna nya éta 0,33%.
2. Disawang tina wangunna, ébréh yén wangun kecap pagawéan anu kapanggih tina *Peperenian jeung Kamus Lengkap Sunda-Indonésia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* nya éta kecap pagawéan salancar anu jumlahna aya 48 kecap (15,84%), kecap pagawéan rajékan jumlahna aya 60 kecap (19,8%), kecap pagawéan rundayan jumlahna aya 184 kecap (60,8%), jeung kecap pagawéan kantétan jumlahna aya 10 kecap (3,3 %).
3. Wangun kecap pagawéan rajékan anu kapanggih tina *Peperenian jeung Kamus Lengkap Sunda-Indonésia Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* diantaranya kecap pagawéan rajékan dwimurni 3 kecap (0,99 %), kecap pagawéan rajékan dwipurwa 8 kecap (2,64 %), kecap pagawéan rajékan dwiréka 18 kecap (5,94%), jeung kecap pagawéan rajékan dirarangkénan 31 kecap (10,23%).
4. Wangun kecap pagawéan rundayan anu kapanggih nyaéta kecap pagawéan rundayan Nasal (N-) 106 kecap (34,98%), kecap pagawéan rundayan wangun rarangkén tengah -um- aya 3 kecap (0,99 %), kecap pagawéan rundayan

wangun *N-* + *-an* aya 5 kecap (1,65%), kecap pagawéan rundayan wangun *N-* + *-keun* aya 2 kecap (0,66%), kecap pagawéan rundayan wangun *nga-* + *-an* aya 2 kecap (1,32%), kecap pagawéan rundayan wangun *nga-* + *-keun* aya 4 kecap (1,32%), jeung kecap pagawéan rundayan wangun *nga-* aya 62 kecap (20,46%).

5. Disawang tina ma'na inhérenna, kecap pagawéan anu kapanggih tina hasil analisis data aya 4 nya éta (1) kecap pagawéan dinamis aktivitas 158 kecap (52,14%), (2) kecap pagawéan dinamis miraga 51 kecap (16,83%), (3) kecap pagawéan dinamis mutatif 12 kecap (3,96%), jeung (4) kecap pagawéan dinamis salumar 82 kecap (27,06%). Ma'na inhéren kecap pagawéan anu panglobana nya éta kecap pagawéan dinamis aktivitas perséntaseuna 52,14%. sedengkeun anu pangsaetikna nya éta kecap pagawéan dinamis prosés anu perséntaseuna 1,65%.

Cindekna paripolah anggota awak téh ngandung kecap pagawéan anu miboga wangun nu tangtu, nya éta wangun kecap pagawéan salancar, kecap pagawéan rajékan, kecap pagawéan rundayan, jeung kecap pagawéan kantétan; kecap pagawéan téh miboga ma'na inhéren dinamis; jeung kecap pagawéan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun murid SMP.

5.2 Saran

Aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun tina ieu panalungtikan:

- 1) Pikeun nu séja nalungtik. ieu panalungtikan kakara semet nganalisis wangun, papasingan jeung ma'na inhéren kecap pagawéan anu mangrupa paripolah anggota awak tina *Peperenian* karangan Drs. Ahmad Hadi, Spk. jeung *Kamus Lengkap Sunda-Indonésia* karanagan Drs Budi Rahayu Tamsyah, Spk. ku kituna dipiharep aya panalungtik séjén anu nalungtik tina sumber séjén saperti tina hasil wawancara.
- 2) Pikeun nu séja nalungtik. Bahan pangajaran kecap pagawéan anu mangrupa paripolah anggota awak dina ieu panalungtikan sipatna téoritis kénéh, nya éta kakara rarancang bahan pangajaran. Ku lantaran kitu, dipiharep aya panalungtik séjén anu nepi ka nguji cobakeun bahan katut prosés bahan pangajaranana.
- 3) Pikeun guru. Hasil henteuna kagiatan diajar ngajar gumantung sakurang-kurangna kana tilu faktor nya éta guru, bahan, jeung siswa. Tapi faktor anu pangutamana mah gumantng kana guruna. Dumasar éta hal, diperedih guru kudu kréatif dina milih téhnik jeung métode dina nepikeun bahan sangkan siswa aktip jeung maham kana matéri anu ditepikeun, nepi ka tujuan pangajaran kahontal.